

AJANS YO

The District School Board of Collier County
5775 Osceola Trail
Naples, FL 34109-0919
(239) 377-0001

Collier County Sheriffs Office
3301 E. Tamiami Trail
Building J
Naples, FL 34112
(239) 793-9408

Administrative Office of the Courts
Twentieth Judicial Circuit
3301 E. Tamiami Trail
Building L
Naples, FL 34112
(239) 774-8800

Office of the State Attorney
Collier county Government Complex
6th Floor Administration Bldg:
3301 E. Tamiami Trail
Naples, FL 34112
(239) 774-8470

Lutheran Services Florida
3634 Central Ave.
Fort Myers, FL 33901
(239) 278-5400

David Lawrence Center
Mental Health & Substance Abuse Services
6075 Bathey Lane
Naples, FL 34116
(239) 455-8500

Florida Department of Juvenile Justice
2671 Airport Road S. #101
Naples, FL 34112
(239) 417-6325



www.collier.k12.fl.us

Dr. Dennis L. Thompson
Sipèentandan Lekòl yo

KONSEY ADMINISTRASYON DISTRI LEKOL COLLIER COUNTY

Steven J. Donovan, Prezidan
Linda Abbott, Vis Prezidan
Richard Calabrese, Manm
Patricia M. Carroll, Manm
Kathleen Curatolo, Manm

Konsèy Administrasyon Distri Lekòl
Collier County
Dr. Martin Luther King, Jr.
Administrative Center
Dr. Dee S. Whinnery
Direktris Ekzekitif
Sèvis Etidyan yo
5775 Osceola Trail
Naples, Florida 34109-0919

Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County a pa gen dwa pratike diskriminasyon kont pèsòn akòz ras yo, koulè, sèks, laj, relijyon, andikap yo, orijin nasyonal yo, ak/oubyen estati matrimonyal yo, pou anpeche yo patisipe, refize yo jwenn avantaj nan nenpòt pwogram edikasyon onson aktivite, oubyen kondisyon travay ak lòt pratik ke Konsèy Administrasyon an ap Mennen.

MISYON DISTRI-A

Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County a pran angajman pou li founi etidyan yo yon eksperyans edikasyon ki gen bon jan kalite e ki ap pèmèt yo akèri abilite maksimòm yo nan yon anvivonman ki an sekirite, ki pozitif e ki ap devlope bon karaktè ak respè pou divèsite.

Si ou (granmoun) gen kesyon onson plent pou-w pote konsènan Atik sou Ekite Edikasyon-an, Tit IX la, Seksyon 504 (Atik sou Reyabilitasyon-an), oubyen Atik sou Ameriken Andikape yo, kontakte Allun Hamblett, direktè Ekzekitif Resous Zimèn nan, (239) 377-0351. Si ou (etidyan) gen kesyon onson plent pou-w pote konsènan Atik sou Ekite Edikasyon-an, Tit IX la, Atik 1975 sou Diskriminasyon Laj yo, kontakte Dr. Diedra Landrum, Kowòdonatris Sèvis/Gid ak Konsèy Etidyan yo, (239) 377-0517. Si ou (etidyan) gen kesyon onson plent pou-w pote konsènan Seksyon 504 (Atik Reyabilitasyon-an) ak Atik Lwa sou Ameriken Andikape yo, kontakte Larry Ruble, Kowòdinatè Sèvis Etidyan yo/Sèvis Sikolojik yo, (239) 377-0508. Adrès kote pou ou jwenn moun nou sot ba ou pou-w kontakte yo se: Biwo Administrasyon Distri Lekòl County-a, 5775 Osceola Trail, Naples, FL 34109.

LEKOL OSWA JIJMAN NAN TRIBINAL?

FE SA KI DWAT LA...

GARANTI SIKSE PITIT OU



Lwa Eta Florida sou Frekantasyon Lekòl

Lwa Eta Florid la tabli pou rann Lekòl Obligatwa ekzije pou tout timoun ki gen sis (6) an, oubyen ki pral gen sis (6) an avan premye fevriye nan nenpòt ane eskolè, oubyen ki depase sis (6) an daj, men ki pa ko atenn sèz (16) an daj, pou yo ale lekòl regilyèman pandan tout tèm lekòl yo.

Paran ki neglije al enskri timoun yo oubyen ki pa voye yo lekòl regilyèman ap koupab devan la lwa pou yon krim dezyèm degre ke la lwa endike ki kalite pinisyon yo ap sibi pou sa.

Sou kou la lwa, timoun ki pa ale lekòl nòmalman pral atire atansyon Administratè Lekòl la, epi si yo jwenn ke yo fè woul souvan, yo kapab refere yo bay tribinal jivenil nan county-a epi trete yo tankou timoun ki pa endepandan. Paran ki pa fè yon efò lejitim pou voye timoun yo lekòl regilyèman ap asime **responsabilite pou ale reponn kesyon devan tribinal.**

Tribinal pou jije elèv ki ap fè woul...

Tribinal pou jije elèv sa yo se yon efò koperatif ant Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County, Biwo Polis Collier County, ak Ventyèm Tribinal Jidisyè ansanm avèk sipò ajans ki pi ba yo - The Office of the State Attorney, Lutheran Services Florida, David Lawrence, and the Florida Department of Juvenile Justice - pou ede redwi elèv ki ap fè woul nan county-a. Sesyon tribinal pou jije elèv ki ap fè woul yo ap kòmanse nan mwa dout ane lekòl 2007-2008 la.

Elèv ki nan laj 6-16 an ki pran abitud pa ale lekòl (5 absans san ekskiz nan espas yon mwa oubyen 15 absans san ekskiz nan espas 90 jou), yo pral refere yo devan Tribinal lè yon reprezantan lekòl la detèmine ke elèv la pa soumèt a Lwa Eta Florid la tabli pou rann lekòl obligatwa pou yo (s.1003.27(2)(a)).

**Truancy
Watch**

Tanpri siveye pou ke pitit ou-a ale lekòl regilyèman pou resevwa edikasyon ke li merite ...se sa la lwa mande!!!

Konsèy Administrasyon Distri Lekòl
Collier County
Depatman Sèvis Etidyan yo
**Enfòmasyon sou Frekantasyon
Kontak**

Naples

Angela Valmana
Asistant pou Frekantasyon
(239) 377-0524

Pamela Lee-Anderson
Asistant pou Frekantasyon
(239)377-0527

Immokalee

Martha Gonzalez
Asistant pou Frekantasyon
(239)377-4310

